The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 18 | Ndarwa kurwa kwakanaka, ndamhanya mujaho wangu kusvika kumagumo, ndachengeta kutenda kwangu . . . – 2 Timoti 4:7 | 2023

Kutakura Kunyadziswa KwaJesu

NaDave Butts

"Ipapo Jesu akatendeukira kuvadzidzi vake akati, 'Kana paine anoda unditevera, kuva mudzidzi wangu, ngaazvirambe, atakure muchinjikwa wake, anditevere.' Nokuti ani naani anoda kuchengetedza upenyu hwake acharasikirwa nahwo, asi ani naani anorasikirwa noupenyu hwake nokuda kwangu achahuwana. Ko munhu achabatsirwa nei kana akawana nyika yose asi achirasikirwa noupenyu hwake? Kana kuti munhu acharipeiko kuti adzikinure upenyu hwake?" [Mateo 16:24-26]

Munyori kuvaHeberu anotipa [aya] mashoko anokododzvora mwoyo zvikurusa,*"naizvozvo ngatiendei kwaari kunze kwomusasa, titakure kunyadziswa kwake"* (Heberu 13:13). Simba guru riri mubhuku yavaHeberu inzira yarinotibatsidzira nayo kukunzwisisa nezva Jesu Kristu noukama hwake kunezvimaitiro makuru echitendero chava Judha. Muchitsauko chegumi nenhatu (13) tinodzidziswa kuti nenzira imwe cheteyo mhuka dzezvibayiro dzaitorwa dzichinopisirwa kunze kweguta *"...naizvozvowo Jesu akatambudzika ari kunze kwesuo reguta kuti aite vanhu vave vatsvene kubudikidza neropa rake."*

Jesu vakatambudzwa zvikurusa nokunyadziswa murwendo rwake rwokutiponesa. Achitakura zvivi pamusoro pake, akashungurudzwa zvikuru, kushushikana pamwoyo *wake*, kurambwa *novokwake*, kunyadziswa uye kudzimbikana pamweya *wake*. Zvichida chinhu chinorwadza kuchinzwa nhasi uno, *kumutendi wanhasi,* ndechokuti patinotendeukira kunaKristu Jesu *sevadzidzi vake*, tinodanirwawo kukunyadziswa.

Dzidziso yenhema [*iyo iri kupfungairira nhasi*] kuva Kristu vazhinji nhasi ndeyokuti upenyu hwomutendi huri nyore uye hunokuremekedzwa. Asika pano kuremekedzwa zita raKristu riri kutova chinonyangadza kuvazhinji.

Uye pamazvirokwazvo upenyu hwomukristu [upenyu] hwakaoma. Hwakaoma zviya zvokuti dai pasina kushanda kwoMweya Mutsvene muupenyu hwako, wanga usingazokwanisi zvachose kurarama upenyu ihwohu *hwokutenda*. Hupenyu *hwokutenda* hune kushungurudzika nokutambudzika kukurusa. Hupenyu hunogogodera. Rimwe dambudziko guru ratinaro muKereke nhasi nderokuti chikiristu chiri kugamuchidzwa kana kuratidziswa sechiri nyore. VaKiristu vokutanga havana kuziva mhando yechikiristu chakadariso. Hwavo hwaive upenyu hwaida kuzvipira. Rega ndikuudze kuti nanhasi hapana chati chashanduka. Hupenyu hwechikiristu nhasi huchakangaoma sepakutanga. Pachingori kudiwa kuzvipira kukuru sezvazvaiveri mumakore *aye* okutanga.

Tiri Vateveri VaJesu...Munhu Wokusuwa…

Tichingori kurayirwa *nanhasi* kuti titakure *kusvorwa no*kunyadziswa kwake. Kunyadziswa kwomuchinjikwa ndokwedu. Kutambudzika kuchingori kwedu. Avo vanopokana neizvi vanofanira kuteerera kuaya manzwi amupositori Petro anoti, *"Makadanirwa izvozvi, nokuti akatambudzika nokuda kwenyu, akakusiyirai muenzaniso kuti mutevere makwara ake"* (1 Petro 2:21).

Inzwazve mashoko aJesu Kristu kuKereke yeSimina mubhuka yaZvakazarurwa, *"Ndinoziva kutambudzika kwako neurombo hwako, asi wakapfuma, uye ndinoziva kushorwa kwaunoitwa nevaya vanozviti vaJudha ivo vasiri, asi vari sinagogi raSatani. Usatya matambudziko awava kuda kusangana nawo.k Inzwa! Dhiyabhorosi acharamba achikanda vamwe venyu mujeri kuti muedzwe kusvika pekupedzisira, uye muchatambudzika kwemazuva gumi. Iva akatendeka kunyange kusvika parufu, uye ndichakupa korona yeupenyu. Ane nzeve ngaanzwe zvinotaurwa nemweya kuungano uchiti: Uyo anokunda haazofi rufu rwechipiri"* (Zvakazarurwa 2:9-10). Jesu aitoziva kuidzwa kwaivepo paKereke yeSimina. Vara rinoshandiswa rokuti "kukuyiwa" rinoshandiswawo pakusvina gorosi na mazambiringa pasi pezidombo ziguru rine simba gurusa. Isimba rimwe chete ratinoshandisirwa mukutambudzikira Ishe Jesu.

Mumwe nomumwe wedu anokwanisa kupinda mukutambudzwa. Nokuda kwaizvozvo. Jesu varikuti yambira nezvokushungurudzwa kwavaKiristu vose. Hazvikufadzi here nhasi kuziva kuti Jesu vano uye varikuzviziva? Varikuona zvose zvinotitambudza nokutishungurudza. Kanapo nyika isingazivi izvo zvinotishungurudza asi Jesu vanozviziva. Aripo kuzotibatsira apo tinoshanda nokushingairira iye.

Kereke yeSimina yakatarirana nokushungurudzwa kukurusa. Mumakore zana okutanga, Polycarp, Bishopu mukuru weKereke, akazvuzvurudzwa achinoiswa pamberi

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

pavakuru achinzi arambe kutenda kwake. Akasungirirwa pasvinga rehuni moto ukabatidzwa pazvikuni zvaive zvakatenderdza. Moto pawange wonobatira pasvinga raaive akasungirwa vakuru vakashevedzera kuna Polycarp kuti arambe kutenda kwake *munaKristu*. Polycarp akachema ari mumirazvu yemoto iyi achiti, "Mumakore makumi masere andakamushandira *Kristu* haana kumbondirasisa. Ko ndingamurambe sei Ishe uyu wangu akandiponesa?"

Wazviona here *mudikani* kuti Kristu kuSangano reSimina havana kuti vachavabvisa kubva murimi rokushungurudzwa. Haana kuvimbisa kuvanunura kubva mukushorwa nemhirizhonga iyi. Asi akavavimbisa kuvapa mugove nekorona yavo. "*Uyo anokunda haazofi rufu rwechipiri."* Nanhasi arikutidanira kukuvimbika pakati-kati pokushorwa nekushungurudzwa. Mubairo waanovimbisa ndiyo korona youpenyu, *"Uyo anokunda haazofi rufu rwechipiri."* Pane *nguva* nenzvimbo dzakawanda zvikurusa pasi rino apo Kereke iri kuzvionera pamhuno sefodya ichi chokwadi chiri kutaurwa naKristu kuKereke yeSimina. Kutenda kwavo kuri kunyunguduswa sapamoto munguva yokushungurudzwa. Asi ivo nomufaro mukuru varikutakura kwose kusworwa nokunyadziswa kwaKristu.

Kunesu vari kudzinyika kwatisingatarirani nekuona kushungurudzwa kwakadai, pane *zvinhu* zviviri zvatingaita. Chokutanga catingaita tinofanira kunyengeterera *nemisodzi* **(Intercede for)** vakoma nehanzvadzi dzedu vari mugaringiro iri rokuedzwa *nokushungurudzwa*. Minyengetero yedu yakakosha zvikuru kuvabatsira mukushingairira kwavo. Chechipiri icho chakaoma zvikuru ndechichi. Tinofanira kuisa padivi mifungo yedu pamusoro pokutenda. Ino yave nguva yokusendeka padivi chikristu chomutambarakede. Chitendero chedu chinofanira kureva kutora matanho akaoma, uye tichisiya kutenda kusina kurwadziwa nokuzvipira. Yasvika zvino nguva yokusiya kungochema chema kwoumbimbindoga, kana namatambudziko anege atiwira. Ishe Jesu havana kuti danira kuupenyu hwoutofotofo asi kumuChinjikwa.

Munyori webhuku rinonzi "The Smuggler" Andrew anotaura nezvaakaona izvo zvinodanira upenyu hwedu kuupenyu hwokuzvitsaurira. Anoto iye, "Musangano wangu wokupedzisira naHaik Hovsepian-Mehr, mumwe mufudzi (pastor) weKereke muIran wakave chandisingazofi ndakakanganwa. Kwamakore akawanda Haik Hovsepian-Mehr akashanda somufudzi wamaKereke muIran, nguva dzose achishumira Ivhangeri zvinoungwaru uye zviri pachena. Patange toparadzana takabatana maoko nokumbundikirana iye ndokutaura mashoko aya kwandiri, 'Mukoma wangu Andrew, kana vakandiuraya zvinenge zvakonzerwa nokutaura kwangu kwete nokunyarara.' Akati iyezve, hazvisiri zvokuti 'zvichida vachandiuraya' bodo, asi kutoti 'kana' *zvichireva izvo kuti* vachandiuraya. Mfundisi Mehr akati iye 'kana vakandiuraya' nokuti aiziva kuti vaizo muuraya chete. Mumwedzi wakatevera zvechokwadiwo vakamuurayawo mufundisi Mehr. Akashngairira kutenda kwake kwamakore akawanda. Akaurayirwa kuvimbika kwake kukuparidzira Ivhangeri Yomuchinjikwa. Anga ari murume anoremekedzwa zvikuru uye anoyemurika zvikurusa asika haasiriye oga. Kunewo vamwe vaKristu mamirioni vari kutamburira kutenda kwavo. Zvine ngozi zvikurusa *mune dzimwe nyika* kana vachiparidzira kutenda kwavo pachena."

Ngatisanganiranei neidzi hama dzedu idzodzi muminyengetero uye mukuparidzirawo kutenda kwedu tisingadududzi. Tisingatariri kana kutya mubairo woushumiri hwedu, Kereke inofanira kupunzira pasi hunyope *neusimbe* yofambira mberi musimba roMweya Mutsvene waMwari. Tinofanira kutakura muchinjikwa, kunova kunyadziswa kwake pamusoro pedu. Asika tichirarama upenyu hwake zvinomufaro mukuru uye takatarira kuumambo hwake huchauya.

Ndakabvuma kurasikirwa nezvinhu zvese nekuda kwake uye ndinozviona semarara, kuti ndiwane Kristu uye kuti ndiwanikwe ndiri pamwe naye, kwete pamusana pekururama kunobva pakutevedzera Mutemo, asi kururama kunovapo kuburikidza nekutenda muna Kristu, kururama kunobva kuna Mwari kwakavakirwa pakutenda. Chinangwa changu ndechokuti ndimuzive nesimba rekumuka kwake uye kuti ***nditambure*** *pamwe naye, ndichibvuma rufu rwakafanana nerwake, kuti ndione kana zvichiita kuwana mukana wekumutswa kuvakafa parumuko rwekutanga…Hakusi kuti ndatouwana kana kuti ndatoitwa munhu akakwana, asi ndiri kuvavarira kuti ndione kana ndingakwanisa kubatawo chachochakaita kuti Kristu Jesu andisarudze. Hama, handioni sendatoubata; asi chinhu chimwe chete chandiine chokwadi nacho ndechekuti: Ndinokanganwa zvinhuzviri shure, ndosveerera zvinhu zviri mberi, ndichivavarira kuti ndiwane mubayiro wekudanwa kumusoroo naMwari mua Ishe Kristu Jesu [KuvaFiripi 3:8-11, 12-14].*

Mherekedzo Kuna Dave Butts…

Magazini ino yakatakura zvinyorwa zvaDave Butts, uyo akashaya, muna Mbudzi [November] wegore rapfuura 2022. Zvinyorwa izvi ndazvivhenganisawo neizvo zvakanyorwa nemudzimai wake Kim Butts. Dave Butts nemudzimai wake Kim, ndivo vakaparura sangano rinonzi Harvest Prayer Ministries muna Mbudzi wa1992 vaine chinangwa chokubatsidzira maKereke kuti ave dzimba dzomunyengetero. Vaviri ava Dave nemudzimai wake ndivozve vaiva muutungamiri hwesangano reGospel Revival Inc. iro rinodhinda pepa reHerald of His Coming nezvimwe zvinyorwa zvinokurudzira mutsurudzo pazvomweya. Iye nemhuri yake vaigara kuTerre Haute, kuIndiana, munyika yeAmerica. Asiye mudzimai wake, vanakomana vaviri, vavane zvikuru. Achitaura pakuvigwa kwemurume wake Dave, Kim anoti iye vhesi yavainyanyo farira zvikurusa semhuri ndi-Mapisarema 27:4. *"Chinhu chimwe chete chandakakumbira Jehovha, Ndicho chandichatsvaga, Kuti ndigare mumba maJehovha mazuva ese eupenyu hwangu, Kuti ndirambe*

ndakatarira kufadza kwaJehovha uye kuti nditarise temberi yake ndichionga".

Isu seve**Mharidzo Yokuuya Kwake**, takarwadziwa zvikurusa nokusiyiwa neuyu murume, asika shoko redu guru kuna Kim nehama dzose nderokuti vacheme vane tariro. Pamusoro peiyi nyaya mupositori Pauro anoti, "Uyezve hama, tinoda kuti munzwisise nezvevaya vakarara murufu, kuti murege kusuruvara sezvinoita vamwe vasina tariro. Nekuti kana tichitenda kuti Jesu akafa akamuka, Mwari achaunzawo vaya vakarara murufu muna Jesu. Nokuti izvi ndizvo zvatinokuudzai neshoko raJehovha, kuti isu vapenyu tinenge tichirarama pakuvapo kwaShe hatizotangiri vakarara murufu; nokuti Ishe pachake achaburuka kudenga achishevedzera nesimba, nenzwi rengirozi huru nebhosvo raMwari, uye vaya vakafa muna Kristu ndivo vachatanga kumuka" [1 VaTesaronike 4:13-17].

Kuna Dave Butts tinoti fambai zvakanaka muranda WaShe. Makarwa kurwa kwakanaka, imbozororai henyu mozoti mopihwa mubairo wenyu wakakufanirai… Lala ngokuthula mntwana weNkosi…[Mupepeti]

Mhuri Nemisha Yedu KunaMwari...

Kuvandudza Mhuri YechiKristu

(Gadziriro Yokuuya KwaKristu – Part 1)

NaKim Butts

Mumazuvaano, Kristu asati adzoka kudai, Kereke yaShe, iyo iri mwenga wake wakashongedzwa, inofanira kugara yakagadzirira. Mwari vanofarira kutiona tose, kubva kuvadiki kusvikira kuvakuru, takagadzirira zvakakwana uye takamirira kudzokazve kwake. Sevabereki, madzisekuru nemadzimbuya, uye sevakuru vane chokuita nevana pose patinofamba, zvakafanira kuti tive vanhu veminyengetero, uye kudzidzisa nomuenzaniso kurarama sokureva kwaShe Kristu. Mateo 22:37-39, "Jesu akapindura akati, 'Ida Ishe Mwari wako nomwoyo wako wose, nomweya wako wose nokufunga kwako kwose.' Uyu ndiwo murairo mukuru uye wokutanga. Wechipiri wakafanana nawo unoti: 'Ida muvakidzani wako sokuda kwaunozviita iwe.'" Kana kereke yaMwari ichida kuvandudzwa, kuti ive tsvene, kuti ive mwenga asina chinongo kana, kana chainopomerwa, inofanirwa kudakarira nokushuwira zvakasimba kutevera mitemo iyi apo ichigadzirira kuuya kwake. VaKristu vazhinji vari kunyengeterera chimbidza kudzoka yaKristu nokuda kwokutya kurarama munguva yatakatarisana nayo [yokutambudzika] uye nokurwadzikana kuona vadikanwa vavo nehama dzavo dzichitambudzika savo. Haiwa, chokwadi ndechokuti achauya sokuronga kwaakaite nguva dzake, uye zvose zvaanoshuvira zvaitwa kubudikidzo nesu. Dzimwe nguva tinoita setinoramba mucherekedzo wokuti Ishe vakatiudza minongedzero mizhinjisa yokuuya kwavo. Chimwe chezviratidzo izvi, sokutaura kwaIshe Jesu ndeichi, "Vhengeri iri roumambo richaparidzirwa munyika yose souchapupu kumarudzi ose, ipapo kuguma kuchazvika" [Mateo 24:14]. Tinofanira kunyengeterera zvikuru kuti ivhangeri yoruponiso rwaJesu Kristu iparidzirwe kumativi ose enyika. Hatifaniri kunyengeterera kuti titorwe kubva mune ino nyika, kutumwa kukuru [Mateo 28:19] kusati kwazadzikiswa, ukuka ndiko kuzadzikisawo murayiro wechipiri, "Ida muvakidzani wako sezvaunozvida iwe."

Vakorose 3:4 inoti, "Paanoonekwa Kristu, uyo ori upenyu hwenyu, nhasi, ipapowo nemi muchaonekwa pamwe chete naye mukubwinya." Ko, nhasi, Kristu arikurarama mauri here? Ko mhuri yenyu inoda here Mwari nomwoyo, nemweya uye nendangariro dzavo dzose. [Imi semhuri] munoda here vavakidzani venyu sokuzvida kwamunoita? …Ndorevaka vaya vepa nekisi door, paimba iyo iri pazasi, kana ivo vari kune dzimwe nyiko. Zvinotevera ndezvimwe zvingaitwa, kurarama upenyu hwakavandudzwa patinodai kugadzirira kudzokazve kwaJesu.

Rindira! Asakuwana Wakavata!

Hatizivi zuva nenguva yokudzoka kwake, asi Jesu vakatipa rayiro iri pachena, yokuti tirambe takarinda. Akati izvo rindai! Ko izvi tinozviita sei chaizvo izvo? Zvakakosha kwazvo kuti tirambe tichiziva izvo zvirikuitwa naMwari munzvimbo dzakatitenderedza. Zvinoreva kuramba takarira kuicho chakavanzika, chirehwa kuvaKorose 1:27, "Kristu mamuri, tariro yokubwinya." Dzedu nzeve ngadzirambe dzakateerera kwaari kuti tigorarama upenyu hwakatwasanuka. Kana takadzika midzi munaKristu, munova ndimo matinorarama, matinofamba uye matigere, tichagarawo takamuka kuneizvo zvaanoda kuti tiite. Hatizowanikwi tichizamura kana kukotsira pabasa. "Naizvozvo, garai makagadzirira nokuti hamuzivi zuva iro Ishe wenyu achauya naro" [Mateo 24:42]. "Naizvozvo garai makagadzirira nokuti hamuzivi musi kana nguva" [Mateo 25:13]. "Naizvozvo rindai nokuti musi unouya muridzi weimba, zvimwe madekanwa, kana usiku, kana pakurira kwejongwe, kana mambakwedza. Vandinotaura kwamuri, ndinotaura kuvanhu vose ndichiti, 'Rindai!'" [Mako 13:35-37]. Ukaona Shoko Dzvene rikaramba richidzokoradza chinhu chimwe chete, munongedzo wokuti Ishe varikuisa ukoshi pachiri. "Naizvozvo rambai makarinda…" manzwi atinopiwa somurayiro uye tinofanira kuateeresesa nokuaita.

Ko tingava nechokwadi sei uye chaizvo-izvo chokuti dzimhuri dzedu hadzizowanikwa dzakakotsira Ishe Jesu pavanodzoka. Ko tingakurudzirana sei kuti tigare takarinda? Ngatirambei tichitaura nokukuru-kura nezviri kuitika. Zivai nguva dzamuri kurarama. Iko zvino zvizhinji

zvirikuitika, sedzitsaona, hondo kutambudzwa kwevanotenda nezvimwewo zvakadaro. Taurai pamusoro pezvinhu izvi muri pamwe chete semhuri uye nokuti zvinorevei kwamuri semaKristu. Zvinhu izvi hazvifaniri kuti tyisidzira asi kuti mutsa nokutichangamutsa – kugara takataririra kushanda kwaMwari. Vana ngavagare vachiziva zvirikuitika uye dzidzai kupa minyengeterero inofambirana nezvirikuitika.

Minyengetero yenyu ngaibve kuruzivo rwakadzama hwezvirikuitika pasi rose. Imwe nzira yakanaka yokuita izvi kunyengeterera panguva yenhau. Garai makagadzirira nguva dzose kushumira kuna avo vanenge vawirwa nenzara, mafashamu, zvimvuramabwe, kudengenyeka kwenyika, ugandanga nedzimwe tsaona dzakangodaro-daro. SevaKristu, chijana ndechedu kuti tiwaridze chiedza apo pane rima. Taura taurai semihuri kuti mungabatsira sei avo vanoshaiwa – munyama kana mumweya.

Ramba Kuodzwa Nenyika..

Tito 2:12 inoti, "Kurudzira nokutidzidzisa kuti tirambe zvinhu zvisina umwari nokuchiva kwenyika, uye tirarame upenyu hwokuzvidzora, hwokururama uye hwoumwari munguva ino, takamirira tariro yakaropafadzwa, kuonekwa kwokubwinya kwaMwari wedu mukuru noMuponesi, Jesu Kristu akazvipo nokuda kwedu kuti atidzikinure kubva pakuipa kwose, nokuzvinatsira vanhu vari vake chaivo, vanoshingairira kuita zvakanaka." Kune zvinhu zvizhinji zvinoparadza upenyu hwevana vedu nhasi. Satani annovavarira kwazvo kuvapinganidza, kuvadzorera mumashure uye kavaremadza. Anokandira zvose zvaanogona munzira dzavo ane chinangwa chokuvakanganisa. Kuti uvhari dzire mano mano adhiyabhori aya, fundisa vana vako kuti vabatikane muzvinhu zvine chokuita noumambo. Kana vachipedza nguva yavo yakareba vachitamba pamaKombiyuta, vakaraira zvidzangaradzimu kana kungotaura zvisina mature parunhare, iko zvino yave nguva yokuti uvaudze kutaura nokuita izvo zvinofadza Mwari, uye vabatsire kuti vaone kuti zvimwe zvinhu zvavanoita zvinokwaniso kusafadza Mwari. Dzimwe nguva ushamwari hwevana vedu hunokwanisa koodza tsika dzakanaka uye muvengi anokwanisa kuhushandisa kusundidzira vana vedu munzvimbo dzisina kunaka uye kuvatungamirira mumiedzo yokusiya nzira dzaMwari. Batsira vana vako kunanzerera misiyano uye vape sarudzo dzichaita kuti varambe vakanamatira, samatavi, pamuzambiringa – Anova Iye Jesu Kristu. Vape nzira dzine ungwaru dzokuti "Kwete" kuzvose zvisina umwari. Vadzidzise kutsvaga uso hwaMwari vasati vatora nhanho dzakakosha muupenyu hwavo. Ramba uchivarangaridza kuti Shoko raJehovha nderechokwadi [2 Samueri 7:28], uye kuti Ishe vakavimbika pazvitsidzo zvavo zvose uye vane rudo kuzvinhu zvose zvavakaita [MaPisarema 145:13].

Imwe nzira iri pamusoro inobatsira kuti vechidiki nevana varambe vakabatirira paMuzambiringa kuvapa basa rokuita roushumiri. Vabatsirei kutsvago nzira dzavangaratidza nadzo rudo rwaKristu kuvamwe. Izvi zvakaita sokubatsira pasina mubayiro misha inochengetwa vakwegura uye nherera, kana kupawo zvokudya kune vanoshaya, uye kunyengeterera avo varikushanda basa raMwari kana hama dziri murima rezvivi. Kune nzira dzakawanda kwazvo dzingashandiswa nevana mukushumira nokuva maoko netsoka dzaJesu. Basa nderedu isu savabereki kubatidzira vana vedu kubasa raShe uye kuti vagokwanisa kumisidzana nemiedzo yenyika.

Tendeukai Kuzvivi Muwane Nguva Yokuvandudzwa

"Tendeukai zvino uye mudzokere kunaMwari, kuitira kuti zvivi zvenyu zvidzimwe, kuti nguva dzokuvandudzwa dzinobva kunaShe dzisvike uye kuti atume Kristu, iye akagadzwa nokuda kwenyu iyeJesu. Anofanira kumboramba ari kudenga kusvikira nguva yokuti Mwari avandudze zvinhu zvose yasvika, ezvaakavimbisa kare kubudikidza novaprofita vake vatsvene" [Mabasa 3:19-21]. Somubereki hapana chinhu chakakosha kudai sokuunza vana vako kukutenda kunoponesa kuri munaKristu Jesu. Semhuri rambai muchitaura nezvekukosha kwokuziva Jesu, zvisinei nezera revana kana zvizukuru. Kana uri mudzidzisi wevechidiki kana kushanda navo, zvakakosha kuti ugare uchivananzvisa manzwi oruponisa panguva iri ipi yaunenge wawana.

Semhuri fundai kureurura zvivi nezvitadzo mumwe kuno mumwe uye kunyengetererana. "Naizvozvo reururai zvivi zvenyu mumwe kuno mumwe uye munyengetererane kuti mugoporeswa." Minyengeterero yevanhu vakarurama ine simba uye inoshanda [Jakobho 5:16]. Uye "kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama achatikanganwira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwedu kwose" [1 Johani 1:9]. Kana takacheneswa muzvivi zvedu, tinowana nguva yokuvandudzwa – nguva yakanakisa apo tinonyudzwa murudo rwake, rugotiita vakazara, vatsva uye vakacheneswa. Dzidzisa vana vako [kana vazukuru vako] zvazinoreva kuva nemweya wokuzvininipisa pamberi paMwari. Inzwa, kupupura kwoga kusina ketendeuka nokuzvininipisa hakufadzi Mwari – angori manzwi asina mabasa – kwakafa!

Ndapota usamirira kana kutyira vana vako, une pfungwa yokuti ndichazoparidzira kana vakura. Unofanira kuva mugariro nomuraramiro wemhuri yenyu kuti Jesu ndivo Muponisi naIshe woupenyu hwenyu neimba yenyu! Usazviregeredza uye kuva nemifungo yokuti haiwa nguva iripo apo uchaita kuti vafunge zvakadzama mumwoyo yavo…rangarira, hauzivi musi nenguva yokuuyazve kwaJesu. 2 Petro 3 vhesi 9-10 inoti, "Ishe haanonoki kuita zvaakavimbisa, sokunonoka kunonzwisiswa nevamwe. Ane mwoyo murefu nemi, haadi kuti ani zvake arasike, asi kuti vose vatendeuke. Asi zuva raShe richauya semhavha. Matenga achapfuura nokutinhira; zvirimo zvichaparadzwa nomoto, uye nyika nezvose zviri mairi zvichabudiswa pachna."

Gadzirira vana vako kuti vanzwe manyukunyuku nezvomusha wave uri kumusoro, kupfuura wepana pasi. "Nyika

yedu iri kudenga. Uye takamirira Muponesi anobva ikoko iye Ishe wedu Jesu Kristu" [VaFiripi 3:20].

Somubereki Gara Wakagadzirira…

Patinotaura nezvokuuya kwaJesu mudzimba dzedu, zvakakosha zvikuru kuti titaure nemararamiro atinofanira kuita. Patinodzidza Shoko raMwari richatibatsira paduku nepaduku kuona izvo zvitinofanira kuita, zuva risati rasvika. "Ngatifarei tifarise uye timurumbidze! Nokuti mutambo wokuwana weGweyana wasvika, uye mwenga waro azvigadzirira" [Zvakazarurwa 19:7]. Tarisisa, vhesi iri hariti iro Mwari ndivo vachaita kuti tigadzirire. Zviripachena, rinotiudza kuti "mwenga waro akazvigadzirira." Asiwo zvakakosha kuti tione kuti izvi hatizozviiti nesimba redu uye kuti pagadziriro iyi panofanira kuva neminyengetero. Mimwe minamato kudzimhuri dzedu ndeiyi inotevera:

1. Nyengeterera kuti Mwari vaite mhuri yenyu ive tsvene sezvo iye ari mutsvene: "Hama dzinodiwa, zvino tiri vana vaMwari, uye zvatichazova zvichigere kuzivikanwa. Asi tinoziva kuti paachaonekwa, isu tichafanona naye naye, nokuti tichamuona sezvaari. Mumwe nomumwe ane tariro iye maari anozvichenesa, sezvo iye akachena" [1 Johani 3:2-3].

2. Nyengeterera kuti Mwari vasimbise mwoyo yemhuri yako kuti mugova vatsvene vasina chavanopomerwa pamberi pake: "Ngaasimbise mwoyo yenyu kuitira kuti mushaiwe chamunopomerwa uye muve vatsvene pamberi paMwari wedu naBaba vedu pakuuya kwaIshe weduJesu navatsvene vake vose" [1 VaTesaronika 3:13].

3. Nyengeterera kuti Mwari vatsaure mhuri yenyu muitwe vatsvene pabasa rake: "Mwari pachake iye Mwari worugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo kwazvo. Mweyo wenyu wose, nomwoyo uye nomuviri zvichengetwe zvisino mhosva pakuuya kwaShe wedu Jesu Kristu" [1 VaTesaronika 5:23].

4. Nyengeterera "…kuti rudo rwenyu ruwande uye muwanze kuziva nokunzwisisa, kuitira kuti mugogona kunzwisisa kuti zvakaisvonaka ndezvipi uye muve vakachena uye mushaiwe chamungapomerwa kusvikira pazuva raKristu, muzere nechibereko chokururama chinouya kubudikidza naJesu Kristu, kuti kubwinya nokurumbidzwa zvive kuna Mwari" [VaFiripi 1:9-10].

5. Nyengeterera kuti mhuri yenyu "Igare upenyu kwakanaka pakati pevahedheni, kuti kunyange vachikupomerai mhosva vaone mabasa enyu akanaka vagokudza Mwari pazuva raanotishanyira" [1 Petro 2:12].

6. Nyengeterera kuti mhuri yenyu "…itevere kurarama, umwari, kutenda, rudo, kutsungirira nounyoro. Irwa kurwa kwakana ka kwokutenda. Ubatisise upenyu husingaperi hwawakadanirwa kwahuri pawakapupura kupupura kwakanaka pamberi pezvapupu zvizhinji. Ndinokurayira pamberi paMwari, kuti uchengetedze murayiro uyu, usina chinongo kana chaungapomerwa kusvikira pakuonekwa kwaShe wedu Jesu Kristu, uyo achazoratidzwa naMwari panguva yake iye Mwari, iye oga mutongi akaropafadzwa, Mambo wamadzimambo naIshe wamadzishe. Iye oga ndiye oga asingafi uye agere pachiedza chisingaswederwi, uyo asina akamboona kana angamuona. Kukudzwa nesimba ngazvive kwaari nokusingaperi. Ameni" [1 Timoti 6:11-16].

7. Nyengeterera kuti mhuri yenyu ive nemwoyo murefu mumwe kwomumwe uye kuti vasanyunyutirana: "Zvino hama dzangu ivai nomwoyo murefu kuzvikira pakuuya kwaShe. Tarirai mamimiriro anoita murimi kuti aone chibereko chinokosha chenyika uye kuti anoita mwoyo murefu sei pakumiriro kwake mvura yomunakanwe nemvura yamatsutso.

Nemiwo, ivai nomwoyo murefu uye mumire nesimba, nokuti kuuya kwaShe kwave pedyosa. Musanyunyutirana, hama dzangu, kuti murege kutongwa. Mutongi amire pamusuo!" [Jakobho 5:7-9].

[Kim nemurume wake Dave, ndivo vakatanga sangano rinonzi Harvest Prayer Ministries muna Mbudzi wa1992 vaine chinangwa chokubatsira maKereke kuti ave dzimba dzomunyengetero. Varizve pautungamiri hweGospel Revival Inc. iro rinodhinda pepa reHerald of His Coming. Vanogara kuTerre Haute, kuIndiana, kuAmerica. Vane vanakomana vaviri, mumwe wavo akaroora atove nemwanasikana. Kim anoti iye vhesi yavanofarira zvikuru semhuri ndiMapisarema 27:4.]

Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo yepagore zvichienderana nokupihwa kwatinenge taitwa rubatsiro naMwari uye nevanotitsigira muzvipo neminamato. Rinopihwa pachena kuna ani naani zvake anenge arikumbira kubva kune **veGospel Revivals Inc.** avo vanotsikisazve magazine yechirungu inonzi **Herald Of His Coming.** Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A. Kero yepawebsite: heraldofhiscoming.org

Mukoponori nomupepeti **weMharidzo Yokuuya Kwake muZimbabwe**: Godfrey Ndiriwenyu uyo wamunokwanisa kubata pazvibatiso zvinotevera. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com. Nhamba dzembozharunhare ndedzinoti +263 772 929673. Landline +263 292 498041 Ndapota tumirai minamato, zvikumbiro nemanzwi okutenda pakero yedu yomuZimbabwe inoti: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe. Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Promise Nyathi, Maxwell Matewe

MUPRISTA ANONYENGETERA

NaDave Butts

Kana tichifunganya kana kutaura nezvemuprista, nguva zhinji tinonyanyo funga nezve uya ane ukama hwakadzama naMwari uye anokwanisa kuswederera paari akamiririra vanhu. [Uya unenguwo ndakachena dzinozvuzvuruka pasi mukufamba] Hauziri mufungo wakaipa zvawo iwoyo – zvikuru sei kana tiri kure neiya pfungwa yokuti uprista ndehwe vashoma vakadzidzira basa rouprista. Nokuti chokwadi chiri mumagwaro matsvene ndechokuti mutendi wose zvake ari munaKristu akaitwa muprista kubudikidza naJesu.

"Kuna iye anotida uye akatisunungura kubva kuzvivi zvedu neropa rake uye akatiita ushe nouprista kuti tishumire Mwari wake naBaba vake, ngaave nokubwinya nesimba okusingaperi-peri" [Zvakazarurwa 1:6]. Nokuda kweropa rapamuchinjikwa iwe neni takaitwa voushe navaprista. Ndookusaka mupositori Petro vachiti: *"Nemiwo semabwe mapenyu, muri kuvakwa muimba yomweya kuti muve uprista hutsvene muchipa zvibayiro zvomweya zvinogamuchirwa kuna Mwari kubudikidza naJesu Kristu. Ameni"* [1 Petro 2:5]. Pavhesi ra9 muchitsauko chimwe chetecho anoenderera mberi achiti: *"Asi imi muri vanhu vakasanangurwa, uprista hwamambo, rudzi rutsvene, vanhu vaMwari chaivo, vaakadona kuti muparidze kunaka kwaiye akakudanai kuti mubre murima, muuye muchiedza chake chinoshamisa."*

Kana tichida kufamba mumikana uye mukubata mabasa ose ouprista muumambo hwaMwari, tinofanira kunzwisisa kuti zvinorevei kuva muprista. Hijanai chatinacho samaprista? Zvakakoshesa kunzwisisa zvose izvi, zvikuru sei kana takatarira kuti Jesu ivo pachavo inhengo yeuhwu huprista zvevari ivo muprista mukuru. Bhuku yavaHebheru inotarisisa zvizere [kana kuti zvakadzama] nezvouprista hwaJesu naizvozvo rinotibatsira kuti tione chinzvimbo chedu chouprista muimba yaMwari tebhanekeri tsvene.

Somuprista, Jesu vaiva nebasa guru remunyengetero, iro ratingaita zvakanaka kana tikaritevedzera. *"Asi Jesu nokuti anogara nokusingaperi, ano uprista huchavapo nokusingaperi. Naizvozvo anogona kuponesa zvizere vaya vanouya kuna Mwari kubudikidza naye nokuti anorarama nokusingaperi achivanyengeterera"* [VaHebheru 7:24-25]. *"Kristu Jesu, ndiye akafa, pamusoro pezvo ndiye akamutswa akava mupenyu, ari kurudyi rwaMwari, uye anotinyengeterera-wo"* [VaRoma 8:34]. Basa noushumiri hwaJesu iko zvino munyengeterero. Somuprista, basa rake nderoumiriri pamunyengeterero. Ndoazvaari kuita iko zvino. Nhau inotifadza isu ndeyokuti ari kuti nyengeterera.

Zvakakoshazve kuti tinzwisisewo kuti sevaprista vaMwari, vaKristu vose vari kudanirwa kukumirira paminyengeterero. Namupositori Pauro vanotidanirawo kuumiriri pamunyengeterero kuna Timoti wokutanga pavhesi 2 yokutanga: *"Naizvozvo pakutanga kwazvose, ndinokurayirai kuti vanhu vose vakumbirirwe, vanyengetererwe, varevererwe, vavongerwe...."*

KuvaEfeso 6:18 anotiudzawo kuti *"murambe muchenyengeterera vatsvene."* Tinofanira kushanda pamwe naJesu mubasa rake iko zvino rukureverera apo tinotora mukana uyu wokuva vaprista vaMwari.

Munyori kuvaHebheru anotipa kurudziro huru muurevereri hwedu naaya manzwi: *"naizvozvo, hama zvitinotsunga kuti tipinde panzvimbo tsvene neropa raJesu, nenzira itsva uye ino upenyu yatakazarurirwa kubudikidza nechidzitiro chinova muviri wake, uye sezvo tino muprista mukuru pamusoro peimba yaMwari, ngotiswedere kunaMwari nomwoyo wechokwadi wechokwadi nokutendeka kwakasimba kwazvo, nemwoyo yakasaswa kuti tinatswe kubva pahana yakaipa uye miviri yedu yakashambwa nemvura yakachena"* [vaHebheru 10:19-22]. Chinyorwa ichi chinotiratidza kuti muprista ane chinzvimbo chake choanonyengetera ari. Ndiyo Nzvimbo tsvene-tsvene. Uri matabhanekeri uye temperi yechiJudha, Nzvimbo tsvene-tsvene yaive nzvimbo yaityisa nokuremekedzwa zvikuru pasi rose muchitendero chavaJudha. Yaive nzvimbo yaipindwa chete nemuprista mukuru wechi Judha kamwe pagore kunonyengeterera nokupirira vanhu voes. Yaive nzvimbo yaive nehuvepo hwaMwari. Muprista wose aipinda ane chinangwa chimwe chete-kunotaura naMwari. Chimbofunga somuJudha wemunguva yakare apo gore negore waitarira Muprista Mukuru aehipinda Munzvimbo tsvene-tsvene kuno sangana naMwari uye uchinyatsoziva kuti hauzomboviwo nomukana wakanaka kudaro. Aingova Muprista Mukuru chete uye zvakadarozve, kamwe pagore.

Zvisinei nokuda kweropa raJesu Kristu pamuchinjikwa, tavawo vaprista vanowana mukana uyu unoshamisa wokupinda Munzvimbo tsvene-tsvene yaMwari. Mweya ari matiri anodana kuna Mwari achiti "Abha, Baba." Patinonyengeterera, tinouya muhuvepo hwaShe tichipa zvikumbiro zvedu zvose. Vakristu vazhinji havazivi nezvebasa iri rinotyisa uye nezveruremekedzo runoshamisa rwatakapihwa kubudikidza nebvumiro iyi kupinda muhuvepo hwaMwari.

Tinoona pana vaHebheru chitsauko chegumi kuti muprista aive nemifungo yakati twasu maringe nebasa romunyengeterero. Tinofanira kuva noruzivo nemwoyo wechokwadi patino nyengeterera. Kwete nokuda kwokuti tiriwo chimwe chinhu chakakosha, asi nokuda kwokuti Jesu Ishe vedu ndivo vakakosha. Uye kuti kubudikidza naye kuti tipinde muhuvepo hwaMwari. Anotikokera kuti tiyanike zvichemo nemureverero yedu. VaHebheru inotiudzazve kuti tiswedere nomwoyo wechokwadi nokutendeka kwakasimba kwazvo panaMwari. Jakobho agotiudzawo

kuti kana tikaswedera kuna Mwari mumweya nomuchokwadi iye achaswederawo kwatiri. Chokwadi ichi chinofanira kutekenyedza kutenda nokushinga kwedu uye kukura paminyengetero. Mwari ngaakudzwe!

Tinoziva kuti Mwari vakateerera uye vakagadzirira kupindura minamato inopihwa zvichienderana nokuda kwavo. Paizvi mupositori Johani vanoti ivo: *"Ndiko kusatya kwatinako mukuswedera kwedu kuna Mwari: kuti kana tichikumbira chinhu chipi nechipi nokuda kwake, anotinzwa. Uye kana tichiziva kuti anotinzwa pazvose zvatinokumbira, tinoziva kuti tava nazvo zvatakumbira* kwaari" [1 Johani 5:14-15].

Mupristawo anofanira kuva muenzaniso wokutevera. Jesu, Muprista Mukuru uye ari Murevereriwo mukuru ndiye muenzaniso wedu mukuru. Tinokurudzirwa isu kuti tivere tsoka dzake. *"Naizvozva, hama dzangu tsvene, vagovani neni pakudanwa kunobva kudenga, isai pfungwa dzenyu pana Jesu, Mupostori nomuprista mukuru..."* [VaHebheru 3:1]. Vadzidzi vakayemura zvikuru simba reminamato yake izvo zvakaita kuti vakumbire dzidziso pakunyengeterera. Mhinduro haina kuva yokuti vape mharidzo pamusoro pemunyengetero, kana kuti vangaporesa vanhu sei, asi akavapa muenzaniso wekunyengetera. Nedzimwe pfungwa Jesu akati: *"Henunoi mutaro. Ivai nechokwadi chokuti munonyengeterera pazvinhu zvose zvinechokuita noumambo."*

Muprista waMwari! Ishe pachavo vari kukudana kuti upe musiyano munyika ino nokumira pamberi pavo somurevereri wavamwe, uchiburitsira simba ravo muupenyu hwavo. Mienzaniso mikuru youprista mumagwaro tinohuwana mubhuku yaNumeri [Numbers]. Vana Israeri vaigarogunun'una pamusoro poutungamiri hwa Mosisi namukoma wake Aaroni. Mwari [mukutsamwa] vakatumira dambudziko guru redenda iro rakatanga kuvauuraya. Uchirangarira kuti zvinomuhwira zvinomirira minamato, bvumira manzwi anotervera kuti akutekenyedze mumwoyo mako noutapiri hwawo.

"Zvino Mozisi akati kuna Aaroni, 'Torai hadyana yako ugoisa zvinonhuwira mairi pamwe chete nomoto unobva paaritari, uchimbidze kuenda kuungano undovayananisira. Hasha dzabuda dzichibva kuna Jehovha, denda ratotanga.' Saka Aaroni akaita saizvozvo, sezvakarehwa naMozisi, akamhanyira pakati peungano. Denda rakanga ratotanga pakati pavanhu asi Aaroni akapisira zvinonhuwira akavayananisira. Akamira pakati pevapenyu navakafa, denda rikamirawo" [Numeri 16:46-48]. Tariraiwo kunaka kwomuenzaniso wakadai!

[Iwe neni] Savaprista vaMwari tinofanira kumira pakati pavapenyu navakafa [pamweya]. Tinoshandura zvinhu kana tichiunza zvido zvavanhu panaMwari mutsvene kubudikidza nokuvareverera. Yasvika zvino nguva yokuti Kereke ya Mwari ichitora zvakadzama [basa rayo] uye nedanidziro yaMwari yokuva maprista anonyegeterera.

Mushakabvu Dave Butts ndiye aiva murume waKim, uyo anezvinyorwa zvinoburitswa pamwedzi woga mubepanhau re"Herald of His Coming." Vari vaviri vakatanga nokuparuraa sangano rinonzi "Harvest Prayer Ministries" muna Mbudzi November, wa1992 vaine chinangwa chokubatsiridza makereke kuti ave dzimba dziminamato neminyengetero. Dave Butts naKim, vaivazve pautungamiri hwe Gospel Revival Inc., avo vanodhinda nokuburitsa pepa re"Herald of His Coming," Vanogara kuTerre Haute kuIndiana, munyika yeUnited States of America.

Ivo vanoti vhesi yavanofarira semhuri ndiMapisarema 27:4. *Chinhu chimwe chete chandakakumbira kuna Jehovha, Ndicho chandichatsvaga, Kuti ndigare mumba yaJehovha mazuva ese oupenyu hwangu, kuti nditarire kunaka kwaJehovha uye kuti ndimutsvage mutemberi yake ndichionga.*

Mhuri Nemisha Yedu KunaMwari...

Kuvandudza Mhuri YechiKristu

(Gadziriro Yokuuya KwaKristu – Part 2)

NaKim Butts

Muchinyorwa chedu chapfuura takatanga nokudzidziriira nzira dzatinga gadzirira nadzo mhuri dzedu kukuuyazve kwaJesu Kristu. Shoko Dzvene rine zvizhinji pamusoro pemararamiro atinofira kuita mumazuvano okuguma akaipa kudai. Chokutangisisa kuchengetedza mitemo miviri yataka-piwa naJesu kunaMateo 22:37-39…

"'Ida Ishe Mwari wako nomwoyo wako wose, nomweya wako wose nokufunga kwako kwose.' Uyu ndiwo murairo wokutanga uye mukuru. Wechipiri wakafanana naiwoyu unoti, 'Ida muvakidzani wako sokuda kwaunozviita iwe.'" Mukutevera mutemo wokutanga, tinenge tichizvi-shongedzera kutevera mutemo wepiri. Hazvigoni uye haazviiti kuti utevere mumwe uku mumwe uku uchisiya. Shoko raMwari rinozviramba. Pazvinotevera, tienderera mberi nenzira dzingararamiwa nadzo nedzimhuri paupenyu hwakavandudzwa patinodai kumirira kuuyazve kwake Jesu.

Iva Munhu Wakavimbika!

"Kunyange zvakadaro hazvo, kana Mwanakomana woMunhu achisvika achawana kutenda panyika here?" [Ruka 18:8b].

Jesu pavachadzokazve, vachawana here dzimhuri dzedu

dzakazadziwa nokutenda kunoshingairira pamunyengeterera nokubatirira. Kuva Roma 12:12, Pauro anoti, *"rambai muchinamata [kana kuti muchinyegeterera]."* Zvakakosha kwazvo kuchengetedza yanano nokudydzana naMwari nguva dzose, zvichivava kana kutapira. Munyengetero chiratidzo chokutenda!

Muna Mateo 24 vadzidzi vaJesu vanobvunza nezvezviratidzo zvokuguma kwenguva. Chiratidzo chimwe chaanoyambira nezvacho, unyengeri. Vazhinji vachauya vachzviti ndivanaKristu uye vachanyengera vachinji. Kuchavawo nedzihondo, nzara nokudengenyeka kwenyika. Jesu vanowedzara vachiti, *"Nokuda kwokuwanda kwokusarurama, rudo rwavazhinji ruchatonhora. Asi uyo achatsungirira kusvikira kumagumo achaponeswa"* [Mateo 24:13-14]. Ishoko rinoita sokuvhundutsa pavhesi idzi dzataverenga nderinoti "vazhinji." Kutenda kwoga ndiko kuchachengetedza dzimhuri dzedu, meso edu akatarira chete panaIshe uyo ari manambo nukuguma kwokutenda kwedu. Kutenda chete ndiko kuchaita titangire pamabvi, tichisvagisisa uso neumambo hwaBaba muminyengetero uye tichitsvaga ungwaru neuchenjeri mumazuva atiri ayo akaipa kudai. Kutenda kuneruzivo rwetariro yokubvinya kunouya kuchaita kuti tibatirire kusvikira kumagumo.

Vimba NeMashoko aJesu…

Jesu vakatisiira nhaka yakaisvonaka kwazvo yezvivimbiso zvavo *muShoko raMwari*. Pana Johani 14:1-4 Jesu vanoti ivo, *"Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika. Tendai kuna Mwari;mugotendewo kwandiri. Mumba maBaba vangu mune nzvimbo zhinji dzokugara; dai zvaiva zvisizvo ndingadai ndakuudzai. Ndiri kwenda ikoko kuno kugadzirirai nzvimbo. Uye kana ndikaenda kundokugadzirirai nzvimbo ndichadzoka ndozokutorai kuti muve neni, kuti nemiwo mugova kwandinenge ndiri. Imi munoziva nzira yokuenda nayo kunzvimbo yandiri kuenda."*

Mubvunzo mukuru ndewokuti isuwo sedzimhuri tiri kukwanisawo here kuvimba naJesu uye kutenda kuizvi zvipikirwa. Zvakanaka sei kumbofunganya nezve nzvimbo yatiri kugadzirirwa naIshe Jesu. Ichava nzvimbo apo panaMwari, tichafamba tiri muhuvepo hwovaMasimba Ose, Wokumusoro-soro, Ishe wamadzishe nokusingaperi peri. Inzvimbo ine zienda nakuenda reminamato yokurumbidza uye ine hunaku hunopfuura zvatinofunga. Sevabereki kudzimhuri dzenyu ndapota garai muchitaura nezveunaku hwedenga semhuri. Denga ririko, rakanaka uye idzvene. Vabatsirei [vana] kuti vagoziva kuti denga ndiwo musha wavo! Wavachagara nokusingaoeri. Vanongedzerei kuzvipikirwa zvaMwari muShoko rake uye rambai muchivimba kuti Mwari vari uye vanochengetedza nokuita izvo zvavakavimbisa. *"Vimba naJehovha nomwoyo wako wose, urege kuzendamira panjere dzako"* [Zvirevo 3:5]. Nzira chete yatingakwanisa kurarama upenyu hwakadai, uye kuti upenyu hwedu hugova uchapupu hwakakwana hwaMwari, kurega kuvimba nesimba redu. Mwari vanoziva zvose, isu hatizivi. Vanaoona zvose isu hationi. Dzidzisai vana vagoziva kuti Mwari anovashuwira zvakanaka nguva dzose uye kuti tikavimba navo nokutenda kwezvindumurwa achachengetedza tsoka dzedu. *"Vimba naJehovha nokusingaperi, nokuti Jehova, iye Jehovha ndiye Dombo rokusingaperi"* [Isaya 26:4].

Usabvumire Mumwe Munhu Kutora Korona Yako

"Ndiri kukurumidza kuuya! Batisisa icho chaunacho, kuti kurege kuva nomunhu anokutorera korona yako. Uyo anokunda ndichamuita mbiru mutemberi yaMwari wangu. Haazombobudimo" [Zvakzarurwa 3:11]. Zvakakoshesa kuti uve nechokwadi chokuti mhuri yako inokwanisa kuzvidzivirira kubva kumano mano owakaipa. Dzimwe nguva zviri nyore kutsvedza kana kutsaukira munharaunda yakazara nokuidzwa nowakaipa. Tinofanira kurangarira uye tigodzidzisa vana vedu kuti zvimwe zvitadzo zvatinoona sepasina zvingango tipinza munataisireva kana tikasachenjerera. Korona yedu yakatengwa noripirwa naJesu Kristu. Zvakakosha kwazvo kuti timumirire zvakanaka mukurarama kwedu.

Musarege Kusangana Navamwe

VaHebheru 10:25 inoti iyo, *"Tisarege kuungana sezvinoita vamwe, asi tikurudzirane zvikuru sei sezvamunoona kuti Zuva roswedera."* Sokutaura kunoita munyori kuMabasa Avapositori, vatendi vokutanga *"vakazvi pira pakudzidzisa kwavapostori napakuwadzana, pakumedura chingwa uye napakunyengetera"* [2:42]. Zvakakosha hama mukufamba kwomukristu, zvikuru sei munguva yatiri kurarama, kuti munhu arambe akabatana navamwe vatendi. Kana tikashaya anotikurudzira nokuti shumira tinopozhomoka. *"Ngatirangarire kuti tingakurudzirana sei kuti tive nerudo namabasa akanaka"* [Hebheru 10:24]. Kurukurai semhuri kuti mungakurudzirana sei mukuzadzisa zvishuwo nokuda kwaMwari muupenyu hwenyu. Mozviisa muzviito. Tauraiwo kuti zvakakosha sei kusangana namamwe makristu muchinyeterera nokurava Shoko pamwe chete. Ko ndenzira dzipi dzamungakurudzirana nadzo Kereke yenyu semhuri. Zvingaita here kuti mukokewo dzimwewo mhuri kuti musangane pamwe chete semhuri muchinyengeterera zvirikuitika mupasi rose nhasi.

Farai Mukushungurudzwa

"Asi farai kuti munogovana naKristu mumatambudzika, kiuitira kuti mufare kwazvo pakuonekwa wokubwinya kwake" [1 Petro 4:13]. Hapana anoda kutambudzika, uye hatitombodi kuti dzimhuri dzedu dzipinde mukutambudziko nokurwadziwa. Zvisinei hazvo Mwari vakazviisa pachena kuti kana tichitambudzwa nokuda kwashe Jesu, ivo varipo kuzotinyaradza. *"Nokuti sokuwanda kunoita matambudziko aKristu paupenyu hwedu, ndiko kuwandawo kunoita kunyaradzwa kwedu naKristu"* [2 Vakorinde 1:5]. Kana nguva yakaoma ikapinda mukati memhuri yenyu muchapa

Mwari mhosva here kana kuti muchatambira kunyaradza kwake? Dzidzisawo mhuri yako kuti kunaSatani uyo anofarira kukonzera nyonga-nyonga pakati pavanotenda. Satani imbavha, inoba kutenda kwedu nokufuridzira manzwi okunetesa mupfungwa nemwoyo yedu munguva dzakaoma. Vana ngavazive kuti Dombo redu noMudzikinuri wedu vanesu nguva dzose, kana naipo patinotambura. Ngavazivewo kuti tinokwanisa kudzidza nokusimbiswa pakutenda nokuda kwokushingairira pakutambudzika. Tikasakwanisa kubata matambudziko zvineungwaru, Ishe vangakwanisa here kutishandisa muzvirongwa zvavo kana kuti vanotisendekera kumativi, tongova vokuona pasina batsiro yatinayo mukufambiswa kwoumambo hwavo. Mumazuva okuguma, chokwadi ndechekuti tichapinda mumatambudziko nomukuidzwa.

Zivai Kuti Hapana Kana
Chipo Chomweya Chamunoshaiwa

"Naizvozvo hapana kana chipo chomweya chamunoshayiwo pamunomirira nomwoyo wose kuratidzwa kwalshe wedu Jesu Kristu" [1 Vakorinde 1:7]. Vechidiki vazhinji kusanganisira nevamwe vakuru, vakamirira kuti Ishe vaite zvinhu zvikuru muupenyu hwaro pane kuti ivo vaende kunoraramira Ishe wavo zvinematuro. Kana vakasashandisa zvipo zvavakapiwa vanozoneta vagova vasina basa. Batsira nhengo dzemhuri yako kuti vave nemanzwira kuMweya Mutsvene pavanenge vachita basa roumambo. Ndapota usavarege vachiwira mumuedzo wovakaipa wokuzvitsonzedza panaMwari kana kuti zvimwe Mwari havana kundipa izvi zvipo, nezvimwewo zvikonzero zvakadaro. Shoko raMwari hariti iro "Naizvozvo muchashaiwa zvipo zvomweya kusvikira makura, uye kana Mwari vakuchutikai nsimba rake." Kwete! Mwari vakapa mumwe namumwe wedu zvipo zvokushandisa kushumirira muviri wake, iyo Kereke. Zvipo zvatakapiwa nenyasha kwete nokuda kwezvatinoita. *"Zvino pamusoro pezvipo zvaMweya, hama, handidi kuti muve musingazivi"* [1 Vakorinde 12:1]. *"Nokuti makaponeswa nenyasha, kubudikidza nokutenda, uye izvi hazvibvi kwamuri, chipo chaMwari, kwete namabasa, kuti parege kuva nomunhu anozvikudza"* [VaEfeso 2:9].

Basa, Kuzvidzora neTariro Kubudikidza neNyasha…

"Naizvozvo, pfungwa dzenyu ngadzigadzirire kushanda, muzvidzore, muise zvizere, tariro yenyu panyasha dzamuchapiwa pakuonekwa kwaJesu Kristu" [1 Petro 1:13]. Mhuri yenyu yakagadzirira kushanda here? *"Saizvozvowo, kutenda kwoga, kana kusina basa kwakafa"* [Jakobho 2:17]. Muri kuvagadzirira here kuti vave vaiti veshoko raMwari. Muri kuvadzidzisa here munzira yokuzvidzora? *"Kugumo kwezvinhu zvose kwava pedyo. Naizvozvo ndangariro dzenyu ngadzichene uye muzvidzore kuti mugogona kunyengetera"* [1 Petro 4:7]. *"Muzvidzore uye musvinure. Muvengi wenyu dhiabhori anofamba-famba achiomba seshumba inotsvaka waingadya"* [5:8]. *"Saka zvino, ngatiregei kuita sevamwe vavete, asi ngatisvinurei uye tive vanozvidzora"* [1 Tesaronika 5:6]. *"Asi sezvo tiri vamasikati, ngatizvidzorei, takapfeka kutenda norudo sechidzitiro chechipfuva, netariro yeruponiso senguwani"* [5:8].

Ko tariro yako yakagara zvizere here pamusoro penyasha dzaMwari dzawakagamuchira nokuregererwa kwezvivi zvako kubudikidza nomupiro waJesu Kristu pamuchinjikwa? *"Mwari Baba valshe wedu Jesu Kristu, ngaarumbidzwe! Nengoni dzake huru akatibereka patsva akatipinza mutariro mhenyu nokumuka kwaJesu Kristu kubva kuvakafa"* [1 Petro 1:3].

Garai Maari

"Kana murimi, kuzodzwa kwamakagamuchira kubva kwaari kunogara mamuri, uye hamutsvaki mumwe munhu kuti akudzidzisei. Asi sezvo kuzodza kwake kuchikudzidzisai pamusoro pezvinhu zvose uye sezvo kuzodzwa ikoko kuri kwechokwadi, kwete kwenhema, sezvakwakakudzidzisai, garai maari. Uye zvino, vana vanodiwa, rambai muri maari, kuitira kuti paanoonekwa tive nokushinga uye tisinganyadziswi pamberi pokuuya kwake" [1 Johani 2:27-28].

Dzidzisai mhuri dzenyu kugara vakanamatira panaJesu nokurava uye kudzidza Shoko raMwari, vachivimba nokuzodzwa kwoMweya Mutsvene kuti varinzwisise. Nzira yakanaka yokuzvigadzirira kuita zvaanotaura! Mutsvagei! Kumbirai njere nejekesero kubudikidza nesimba roMweya Mutsvene!

Zvichengetei Murudo rwaMwari

"Zvichengetei murudo rwaMwari pamunenge muchimirira ngoni dzaIshe wedu Jesu Kristu kuti dzikuuyisei kuupenyu husingaperi" [Judha vs. 21]. Ida Mwari, uye idawo vamwe-ndiyo mitemo miviri mikuru sezvatamboreva pamusro. Naizvozvo, chinobhururuka chinomhara, regai tipedzise nekurudziro yatatanga nayo! Mwari vedu vane urongwa nezvishuwo zvisati zvapera pamusoro pekereke yavo. Mateo 24:14 inonyatso dema pachena, *"Uye ivhangeri iri roumambo richaparidzwa munyika yose souchapupu kumarudzi ose, ipapo kuguma kuchasvika."* Nyanzvi dzezvoushumiri dzinoti idzo chikonzero nei kutumwa kukuru kusati kwazadziswa imhaka yokuti kereke iri kuramba kutevera mutemo wokuda Mwari. Kana tichimuda zvechokwadi, zvichataridzwa nenzira yatinomuteerera nayo. Tichada nokuchengeta vavakidzani vedu. Tichagoverana Nhau Dzakanaka dzaJesu navo, kusvikira kumagumo kwayo nyika.

"Tarirai, ndiri kukurumidza kuuya! Mubayiro wangu ndinawo, uye ndichapa mumwe nomumwe maererano Nezvaakaita nokubata. Ndini Arufa naOmega, wokutanga nowokupedzisira, kutanga nokuguma... Uyo anopupura zvinhu izvi anoti 'Hongu, ndinokurumidza kuuya' Ameni. Uyai, Ishe Jesu. Nyasha dzaIshe Jesu ngadzi navanhu vaMwari. Ameni" [Zvakazarurwa 22:12, 20-21].

Kuti mandiri vanhu Kristu vagomuona.

[Uyezve hama, tinoda kuti munzwisise nezvevaya yevakarara murufu, kuti murege kusuruvara sezvinoita vamwe vasina tariro. Nokuti kana tichitenda kuti Jesu akafa akamuka, Mwari achamutsawo vaya vakarara murufu muna Jesu. Nekuti izvi ndizvo zvatinokuudzai neshoko raJehovha, kuti isu vapenyu tinenge tichirarama pakuvapo kwaShe hatizombotangiri vakarara murufu; nokuti iye Ishe pachake achaburuka kudenga achishevedzera nesimba, nenzwi rengirozi hurua nehwamanda yaMwari, uye vaya vakafa muna Kristu ndivo vachatanga kumuka. Pashure pezvo isu vapenyu tinenge tichirarama, tichatorwa mumakore pamwe chete navo, kuti tisangane naye mumhepo; Ishe. Saka rambai muchinyaradzana nemashoko aya. [1 VaTesaronika 4:13-17]

IWE UNOTI JESU NDIANI?

NaDave Butts

"Iri ndiro 'dombo rakabatwa serisingakoshi nevavaki iro razova dombo guru repakona. Uyezve, hapana mumwe angaponesa vanhu, nekuti hapana rimwe zita pasi pedenga rakapiwa vanhu ratinofanira kuponeswa naro" [Mabasa 4:12].

Mupasi rose zvaro hapana mubvunzo wakakosha kupfuura iwoyu wechimiro chaJesu Kristu weNazareta. Mubvunzo wokuti 'Ko Jesu ndiyaniko? Mhinduro kumubvunzo iwoyu haungobata bati chete nezvoupenyu hwako nhasi, asiwo unonongedzerawo uko kwauri kuenda. Hango panewo dzimwe nyaya dzakakosha, asi dzose dzinodzima pane iyi yechimiro chaJesu Kristu. Imbonzwa mhinduro dzakapiwa navamwe kumubvunzo iwoyu wokuti Jesu ndiani. Uyo asingatendi, kana kuti asingaoni batsiro yezvitendero akati "Jesu aiva mudzidzisi anomukurumbira mukuru kwazvo". VechiChawa vanotenda kuti Jesu aive muporofita mukuru anofanira kuremekedzwa. Mumwewo munyori wenhoroondo dzenyika anoti iye Jesu ndiye mutangi wechitendero chikuru mupasi rose zvaro. VechiHindu, Chibhudha uye nevechitendero che New Age vanomuona seimwe yedzimwe nzira dzokuenda nadzo kuna Mwari Baba vedu. Mushure mokunzwa mhinduro dzose idzi, rega ndikubvunzewo kuti ko iwe pachako unoti Jesu ndianiko? Mubvunzo unoda mhinduro kubva kuno mumwe namumwe wedu *sedungamunhu*. Nerimwe zuva Jesu vambubvunza vadzidzi vavo mubvunzo mumwe chetewo. MuIvhangeri yaMateo tinonzwa hurukuro inoisvofadza yaive yakanangana naiyoyi nyaya yokuti Jesu vambori ani?

"Jesu akati asvika mudunhu reKesaria Firipi, akabvunza vadzidzi vake akati, 'Ko vanhu vanoti Mwanakomana womunhu ndianiko?' Vadzidzi vake vakamupindura vakati vamwe vanoti muri Johane mubhabhatidzi, vamwewo vanoti Eria, vamwewo vachiti Jeremia kana mumwe wavaporofita." "Iya akavabvunzazve akati, 'Ko imi munoti ini ndiri aniko?' Simoni Petro akapindura akati 'Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.'"

Nanhasi ishe Jesu vachiri kungotibvunza mubvunzo mumwe chetewo kunomumwe namumwe wedu. "Ko imi munoti ndiri aniko?" Ngatimbotarirai kuti ivo Jesu Kristu vanoti kudii pachavo.

• Mubhuku yaJohane chitsauko 10 pavhesi ya30 Jesu vanoti ivo. "Ini naBaba tiri vamwe".

• "Asi kubva zvino Mwanakomana womunhu achagara kuruoko rworudyi rwaBaba vake ane simba" [Ruka 22:69].

• "Vose vakamubvunza vachiti, 'Ko zvino iwe ndiwe Mwanakomana waMwari here?' iye akapindura achiti, 'Mareva zvakanaka, zvamati ndini iye" [Ruka 22:70].

• "Ani naani aona ini aona Baba" [Johani 14:9].

• "Zvichienderana namanzwi aishe Jesu, ivo ndivo 'Kristu,' 'Messiah' Mwanakomana waMwari mupenyu." Ndivo vanga vakamiriririrwa, Mwanakomana waMwari, vaiuya kuzosima umambo hwaMwari pane ino nyika. Havaziri ivo Jesu chete vanopupurira kuaya manzwi. Inzwa dzidziso yeKereke yokutanga pamusoro pokuti Jesu ndiani:

• "Naizvozvo vaIsreaeri vose ngavazive izvi: Kuti Jesu uyu, wamakarovera pamuchinjikwa, Mwari akamuita Ishe naKristu" [Mabasa 2:36].

• "Ndiye mufananidzo waMwari asingaonekwi, dangwe rezvisikwa zvose" [Korose 1:15].

• "Iye akapinda mudenga uye ari kurouko rworudyi rwaMwari, vatumwa namasimba noushe zvose zviri pasi pake" [1Petro 3:22].

• "Naizvozvo Mwari akamukudza akamuisa panzvimbo yapamusorosoro uye akamupa zita riri pamusoro pamazita ose" [VaFiripi 2:9].

• Vakaimba neinzwi guru [riri pamusoro] vachiti: "Gwayana ndiro rikafanira, iro rakanga raurayiwa, kuti rigamuchire samba nepfuma nouchenjeri nesimba nokukudzwa uye nokurumbidzwa" [Zvakazarurwa 5:12].

Kereke yokutanga yakarwa hondo huru kwazvo pamusoro poumwari hwajesu. Pakange pane vavariro huru

kwazvo yokuderedzera uremu hweIvhangeri nokubvisa izvo Jesu vaiveri, uye zvavaiti ivo vari. Zvinyorwa zvizhinji zvamupositori Johane zvaive zvakanangana nokupikisa dzidziso yechimwe chikwata chavadzidzi veBhaibheri chaizivikanwa nezita rokuti ma"Nositiki" avo vaitenda kuti Jesu vakanga vasina kuperera pauMwari panyama. Nyaya iyi nanhasi ichiri mudariro, uye vazhiji havanyatso inzwisisa. Ndakange ndichitungamira zvidzidzo zvezhaibheri kumba kwedu nerimwe zuva apo takanzwa kugogodza pamusuo. Pandakazarura, ndakaita mahwekwe neimwe nhengo yechikwata [chakarasika] chichakangobatirira kudzidziso iyi yechiNositiki [Zvapupu ZvaJehovah]. Pachinzvimbo chokuti ndivadzinge sezvandagara ndichiita, ndakavakokera kuzvidzidzo zveBhaibheri zvataiva nazvo. Pavakangopinda chete, vakabva vatanga kutiudza neizvo zvikuru zvavanotenda. Handina kubvuma kuti ndikakatirwa mugakava navo, asi kuti ndakavabvunza mubvunzo mukuru, iwoyu wokuti "Ivo vaiti Jesu ndiani? Takatozoguma toita setagumburana nokungoramba ndakasimbirira pamubvunzo iwoyu wokuti Jesu aiva ani muchitendero chavo. Chiriporipocho vakabva vasimuka ndokuenda tisati tapedza hurukuro yedu. Ndakasara ndichitarira vamwe vangu mukushamiswa, uye ndikazononggedzera kwavari kuti nyaya iyi yokuti Jesu ndiani, ndiyo inotsaura Mekereke ezvokwadi kubva kuvamanyepo.

Kereke yaShe nhasi inofanira kubatisisa chokwadi ichi chatakazarurirwa chokuti Jesu ndiani –"ndiye mwanakomana waMwari mupenyu, ndiye Kristu, Messiah "Muzodzwa waMwari", Ndiye Ishe waMadzishe uye mambo wamadzimambo. Asika nyika yatinorarama haidi kuzvinzwa izvozvo. Dai kungori kuti chete Jesu akanzi aive muporofita nomudzidzisi mukuru, aizodiwa nokuyemurwa zvikuru. Chitendero chineukasha, cheChimosiremu, icho chirikupararirra zvikurusa mazuva ano, chinorambisisa zvikuru kuti Jesu anzi ndiye Mwari. Asi inzwa zvinotaurwa neShoko raMwari panaIsaya "Nokuti takazvarirwa mwana, takapiwa mwanakomana, uye umambo huchava pamafudzi ake. Uye achanzi Gota Rinoshamisa, Mwari ane simba, Baba vokusingaperi, Muchinda worugare. Kukura kwoumambo hwake nekworudare rwake hazvizovi namagumo". Vanoti ivo Jesu aive Muporofita akati derereri zvishomana panaMahomedhi. Pakati kati pechamupidigori nenharo idzodzi Kereke inofanira kusimudza chokwadi cheShoko raMwari chokuti tariro yedu chete ndeyekuzarurirwa nokuziva Mwanakomana waMwari, Ishe Jesu Kristu.

Panechimwezve chatinofanira kufungisisa apo patinosimudza Jesu saIshe noMuponisi wedu. Hazvina kungokwana samaKristu kutenda kumanzwi akanaka pamusoro paJesu. Tinofanira kurarama nenzira ichaita kuti nyika yose ione kuti zvechokwadi Jesu ndiye Ishe. Kana tikatenda kuti Mwari vakauya munyama neropa saJesu weNazaretha, upenyu hwedu hunofanira kupa rukudzo nokubwinya kuna iye Ishe Jesu Kristu. Sahwira wangu David, murume andinofarira zvikuru nokuti ari mubishibishi rokudzoredzera nzwisiso yakaswatuka kuKereke pamusoro poukuru hwaJesu Kristu. Regai ndipfige namanzwi mashomana aya anodenha, kubva kuna David pamusoro poumwari hwaKristu: "Kana vaKristu vakakahadzikira, kukubwinya kwaJesu, pane zvizhinji zvinoshanduka nokuitika. Tinobva mumakwande aye 'ouzvakanaka zvakadaro.' Tinosimuka tigomhanyira Kristu nemwoyo yakaperera uye chinangwa cahke tiri mukubwinya kwakazara. Tinosiya kutyira bondemuponde, tova nekuzvipira kunaKristu, kuizvo zvose zvaari uye nezvaanoda kuita. Ndopatinotangisa kuva nehanya naye."

[Kubva mubhuku rakanyorwa **naDave Butts** rinonzi **'Christ Is All'**. Zvino ndakanzwa inzwi richibva kudenga richiti kwandiri, "Nyora uti: Vakakomborerwa vaya vanofa vari munaMwari kubvira panguva ino zvichienda mberi. Mweya unoti chokwadi ngavazorore pabasa ravo guru, nokuti vachazorora mabasa avo agovatevera." Zvakazarurwa 14:13]

Rave Awara Rokuguma

Na F.H. Allen

Apo dzamakomo mbabvu rinenge ronobaya;
Kumakore yaro mhere rotsviriridza,
Yeyambiro kubva patutombo twenharire,
Evoi vana iri rave awara rokuguma.
Basa ramakore anezana nezana,
Rinozadza nguvana duku yokuguma.
Nokuti munyika dzose roruponiso zita,
Tinofanira neinotsva mweya kukomedzesa.
Yachena kuti ikohwewe minda, pupurai,
Evoi imi vanesimba vapupuri, pupurai,
Pakutika mawara akarasarasiwa taikunda,
Mhupuro igounganidzirwa kwaro kudoka zuva.
Wetsoka dzake, Kristu, musindo unonzika!
Hongu, shandai rachakadai kucheka nyika,
Tichishingiswa norudo, nesimba takazadzwa,
Nokuti 'vanangu' iyi yave awara yokuguma.

– KuBva mu'Triumphs Of Faith

Chijana Chedu Savatendi Kunyika ya Isiraeri....

Tinofanira Kuiropafadza... Genesisi 12:3 – *"Ndicharopafadza vaya vose vanokuropafadza, uye aninaani ano kutuka ndichamutuka; uye marudzi ose ari panyika acharopafadzwa kubudikidza newe."* VaRoma15:27 – *"Nokuti vakaona [Kereke yeMakedonia] zvakanaka kuti vaite izvi, uye zvirokwazvo vanengava kuti vavaitire izvi. Nokuti kana veDzimwe Ndudzi vakagovanawo pazvinhu zvoMweya zvavaJudha, vanengavawo kuvaJudha kuti vagoverane navo pazvinhu zvavo zvenyika-ino."*

Tinofanira Kuinyengeterera... Pisarema 122:6-9 – *"Nyengetererai rugare rweJerusarema: Vanokuda dai vagara zvakanaka. Dai mukati mamasvingo ako maita rugare, nokuchengetedzeka mukati menhare dzako. Nokuda kwehama neshamwari dzangu, ndichati, 'Rugare ngaruve mukati mako iwe Jerusarema.' Nokuda kweimba yaJehovha Mwari wedu, ndichatsvaga kubudirira kwako."*

Tinofanira Kuchengetedza Mhiko Yatakaita NaJehovha Mwari vedu... Pisarema137:5-6 – *"Kana ndika kukanganwa, iweJerusarema, ruoko rwangu rworudyi ngarukanganwe umhizha hwarwo. Rurimi rwangu ngarunamatire kumusoro kwomuromo wangu, kana ndikasa kurangarira iwe, kana ndisingafungi Jerusarema, iwo mufaro wangu wapamusoro-soro."* Isaya 62:1 – *"Nokuda kweZioni handinganyarari, nokuda kweJerusarema handingarambi ndinyerere, kusvikira kururama kwake kwapenya samambakwedza, noruponeso rwake somwenje unopfuta."*

CHIZIVISO CHAKAKOSHA KUVAVERENGI VEDU….!!!

Kwamuri mose vaverengi ve**Mharidzo Yokuuya Kwake**. Ikozvino mave kukwanisa kuverenga nekubura [download] bepa renyu padandemutande reindaneti. Ikozvino zvave nyoresa kuverenga bepa renyu Pambozharunhare dzenyu, muri zvenyu parwendo mubhazi kana muchikochikari, uye muchifudza henyu mombe kana mbudzi. Heanoi matanho amunofanira kutora kuti mukwanise kuverenga Mharidzo paindaneti, kana kumadururira mumafoni enyu (Downloading). Shandisai kero inoti: heraldofhiscoming.org kuti mupinde papeji redu reHerald Of His Coming. Kana mave munharaunda yeHerald Of His Coming bayai bhatanisi rakanzi Languages. Kana mapinda bayaizve bhatanisi rakanzi Shona Language, mobva matopinda mumudodorongwa wemamagazini edu akare neazvino. Sarudzai henyu iri ipizvayo magazini yamunoda kuverengera ipapo kana kukoponora monozviverengera mava mberi. Ndapota torai mukana uyu, hama dzangu kupfuudzirawo zvinyorwa zvedu kuvose vamunofunga kuti vangakomborerwa nazvo. Kana muchidawo Mharidzo paWhatsApp, tumirai namba dzenyu dzerunhare paidzi dzinoti +263 772 929 673.

Chivi Nokudzikinurwa

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu (VaRoma 6:23). Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira chirango chacho chacho pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* (Isayo 53:5), Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, (VaRoma 6:11-14); kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa (Mabasa 2:38-39; VaRoma 10:9-10).

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* (VaRoma 3:23). *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* (VaRoma 6:23).

2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke…Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* (Isaya 55:7).

3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu…kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* (1 Korinde 15:3-4), vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"…Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa"* (VaRoma 10:9).

4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* (VaKorose 2:6).